

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana bab IV ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran, hasil ieu panalungtikan dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation* kagolong “sedeng”, rata-ratana nya éta 62.2. Ieu hal katitén tina aspék-aspék maca pamahaman carita pondok anu ngawengku aspék struktur anu kaasup kana kategori “sedeng”, rata-ratana 3.5, aspék unsur kaasup kana kategori “sedeng”, rata-ratana 9.4, sedengkeun dina aspék basa kaasup kana kategori “kurang” anu rata-ratana 5.9. Rata-rata anu paling leutik nya éta aspék struktur, hartina siswa kurang mampuh maham kana struktur carita pondok. Sedengkeun anu rata-ratana paling badag, nya éta aspék unsur. Siswa anu kagolong kana kategori “hadé” jumlahna aya 7 siswa atawa sarua jeung 21.9% siswa tina jumlah sakabéh siswa kelas VIII G nya éta 32, anu kaasup kana kategori “sedeng” jumlahna aya 17 siswa anu sarua jeung 53.1% siswa, sedengkeun anu kaasup kana kategori “kurang” jumlahna aya 8 siswa, atawa sarua jeung 25%.
- 2) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél *Group Investigation* kagolong “hadé”, rata-ratana nya éta 80.2. Ieu hal katitén tina aspék-aspék maca pamahaman carita pondok anu ngawengku aspék struktur anu kaasup kana kategori “sedeng”, rata-rata peunteunna 4.9, kamampuh dina maham aspék unsur kaasup kana kategori “hadé”, rata-ratana 12.2, sedengkeun dina aspék basa kaasup kana kategori “sedeng”, rata-ratana 7.1. Dumasar kana éta pedaran, bisa katitén yén aya ronjatan dina unggal aspékna. Siswa anu kagolong kana kategori “hadé” jumlahna aya 29

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa anu sarua jeung 90.6% siswa, sedengkeun siswa anu kaasup kana kategori “sedeng” jumlahna aya 3 siswa atawa sarua jeung 9.4% siswa.

- 3) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* ngaronjat. Anu ngaronjatna paling saeutik aya dina aspék pamahaman struktur dialog-interpétatif tina 0.7 jadi 0.8, ngaronjat 0.1, sarua jeung aspék pamahaman unsur latar-literal, tina 2.6 jadi 2.7, ngaronjat 0.1. Sedengekun anu ngaronjatna paling loba aya dina aspék unsur palaku-interpétatif tina 0.9 jadi 1.9, ngaronjat 1. Ku kituna, bisa dicindekeun yén modél *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok, utamana dina aspék pamahaman interpretatif unsur ngeunaan palaku.
- 4) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sabda ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, bisa katitén tina hasil uji hipotésis yén hasil t itungna nya éta -5.066 kalawan significansina (Sig. 2-tailed) 0.000. Nilai significansina $0.000 < 0.05$, dumasar kana kritéria ngeunaan hipotésis dina BAB III kaca 46, bisa dicindekeun yén H_a ditarima atawa H_0 ditolak. Jadi, aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung Taun ajar 2018/2019 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

5.2 Implikasi

Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran *Group Investiation* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok. Pangajaran maca pamahaman carita pondok ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa lantaran siswa ngaréspon sacara positif dina unggal lumangsungna pangajaran. Dina prak-prakanana, ieu modél pangajaran ngalibetkeun siswa pikeun leuwih aktif dina diajar sacara kelompok. Unggal siswa miboga peran séwang-séwangan di unggal kelompokna. Modél pangajaran *Group Investigation* numuwuhkeun prosés interaksi anu kuat antar anggota kelompokna pikeun ngukulan pasualan ngaliwatan gawé bareng. Ku cara kitu, siswa bisa leuwih mekarkeun ogé

Dita Deviana, 2019

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngébréhkeun pamadegan jeung kamampuhna, ogé miboga peran jeung tanggung jawab anu sarua jeung anggota kelompok anu séjénna.

5.3 Rekomendasi

Dumasar kana kacindekaan di luhur, ditepikeun sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok. Ku kituna, ieu modél bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran maca pamahaman carita pondok, ku sabab geus kabukti dina hasil ieu panalungtikan yén modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung taun ajar 2018/2019.
- 2) Ku sabab modél pangajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok geus dilarapkeun dina panalungtikan kuasi ékspérimén. Ku kituna, perlu dilaksanakeun panalungtikan anu leuwih jembar dina métode panalungtikan anu séjén.